



Reyinyon pou Enfòmasyon Piblik Vityèl sou Prezèvasyon Pon Viyadik I-93 Somerville

Kisa ki ap pase?

MassDot kòmanse avèk prezèvasyon pon I-93 nan Somerville ki ant Route 28 ak Temple Street. Pwojè a ap kòmanse nan mwa jen 2022 epi li bay plizyè avantaj piblik ki gen ladan l:

- Pwolonje kantite tan pon an ap fè
- Fè reparasyon mwen souvan

Kòman sa a ap afekte w?

Nou envite tout moun ki pwopriyetè nan zòn lan ak moun ki frekante wout la nan yon reyinyon piblik vityèl pou pale sou kalandriye konstriksyon an, enpak pwojè a, ak detou yo pwopoze ki ap kòmanse nan mwa Jen 2022. Apre prezantasyon an ap gen yon peryòd kesyon ak repons.

Kilè

Jedi, 9 jen, 2022 6:00 PM - 7:30 PM

Fason pou Asiste

[Evènman | Mass.gov](#)



Tanpri remake n ap anrejistre reyinyon sa a.

Vizite <https://rebrand.ly/MassDOT-Events> pou w jwenn plis enfòmasyon



Gen aranjman pou pèmèt moun ki andikape patisipe nan odisyon sa a. MassDOT kapab fè aranjman rezonnab gratis pou moun ki mande, oswa li kapab bay asistans nan lang (tankou entèprèt pou pale angle ak siy, ak pou lòt lang, soutit vizib, vidyeo, aparèy pou moun ki pa tande byen, oswa dokiman nan fòma altènativ) toutotan sa posib. Pou fè aranjman oubyen pou mande asistans nan lang, ou mèt kontakte Responsab an chèf MassDOT pou Divèsite ak Dwa Sivik la nan nimewo telefòn (857-368-8580), oswa nan nimewo TTD/TTY (pou moun ki pa tande byen) ki se (857) 266-0603, oswa nan nimewo faks (857) 368-0602, oswa nan adrès elektwonnik MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us. Demann sa yo dwe fèt pi bonè ou kapab anvan jou reyinyon an. Pou sèvis ki pi difisil pou jwenn yo, tankou lang ki pale ak siy, oswa CART, oswa tradiktè ak entèprèt, demann yo dwe fèt omwen dis (10) jou ouvrab davans, anvan jou odisyon an.

Pou mande enfòmasyon sou pwojè a, deklarasyon ekri, oswa lòt dokiman sou aksyon yo pwopoze yo, ekri nan adrès: MassDOTI93SomervilleViaduct@dot.state.ma.us Oubyen nan adrès postal nan Etazini a, ki se: Paul Stedman, District Highway Director, **MassDOT, 519 Appleton Street, Arlington, MA 02476, Attention: Project Management, PROJECT FILE NO. 606528**